



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 29 avril 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RANBOUSMAN FEDERAL POU VIL NEW YORK POU DEPANS KI TE FÈT
AKÒZ SIPÈ-OURAGAN SANDY**

***Gouvènè Cuomo Mande Plis Pase \$47 Milyon Dola nan Fon FEMA ki apwouve pou NYC pou Depans
akòz Ouragan Sandy***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia Eta New York te bay \$47.274.759 pou Vil New York City kòm ranbousman depans ki te fèt apre pasaj Sipè Ouragan Sandy. Depans sa yo te soti nan itilizasyon mezi pwoteksyon ak reparasyon ijan, tankou restore sèvis elektrisite, chofaj debaz, dlo cho, ak reparasyon eksteryè nan kay andomaje ki te pèmèt rezidan rete lakay yo pase yo te relokalize tanporèman nanabri piblikouben lèt kote.

“Malgre domaj devastatè Sandy, nan kèk ka pwopriyetè kay te kapab abrite sou plas pandan pwopriyete yo tap resevwa reparasyon ijan, pou rann kay la abitab,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen kontan remèt fon sa yo bay Depatman Pwoteksyon Anviwonman an pou travay li te fè nan kad Pwogram Reparasyon Rapid (Rapid Repair) la, Eta a ak FEMA te vinn devlope pou l vini annapre Pwogram Pilòt pou Abri ak Kouran Esansyèl Tanporè (Temporary Essential Power, STEP) pou menm bezwen sa yo ki genyen andeyò Vil New York.”

“Aprè Ouragan Sandy, Vil la te vini premye jiridiksyon lokal ki etabli pwòp pwogram rekonstwiksyon lojman pa li, Reparasyon Rapid, ki te ede plis pase 20.000 fanmi tounen lakay yo,” te di Majistra Michael R. Bloomberg. “Reparasyon Rapid – ki te restore chofaj, dlo cho ak elektrisite gratis pou pwopriyetè kay ak yon bon longè davans nan pwosesis retablisman an, ki poko prèt pou l fini. Pandan n ap kontinye travay di pou retablisman ak rekonstwiksyon, pa gen manti, ede moun tounen nan kay yo atravè Reparasyon Rapid te yon pi bon itilizasyon lajan kontribiyab pase yon pwogram lojman tanporè masif. Mwen vle remèsye tout ekip FEMA a ki te travay ak nou pou rann pwogram lan posibil, epi ranbousman sa yo, ansanm ak premye seri èd Federal la, pral garanti Vil la ka kontinye fè fas ak bezwen lojman, biznis ak enfrastrikti nan kominote ki te pi frape yo.”

Manm Komisyon Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York, Jerome M. Hauer, di konsa, “Reparasyon kominote ki domaje nan Sipè-Ouragan Sandy se pi gwo priyorite depatman nou an, epi fon

ranbousman pou Asistans Piblik sa yo ap ede chak kominote afekte yo, tankou New York City, mete zafè fiskal yo annòd.

Pwogram Reparasyon Rapid New York City a gen ladan l: kenbe yon sant dapèl pou anrejistre pwopriyete ki gen byen yo andomaje; fè evalyasyon domaj ouragan; evalye etandi travay evalyasyon an, epi reyalize reparasyon ijan ki kalifye yo; fè enspeksyon seikrite pou garanti respè ak kòd ak regleman lokal.

Pandan Pwogram Reparasyon Rapid la t ap vanse, New York State ak FEMA te devlope Pwogram Pilòt pou Abri ak Kouran Esansyèl Tanporè (Temporary Essential Power, STEP) pou ede otorite nan eta, zòn ak tribi fè menm travay ak sèvis esansyèl pou sove vi moun, pwoteje sante piblik ak sekirite, epi pwoteje byen. Yo te konswa STEP pou diminye demann pou etablisman lòt opsyon abri lè li bay endividi opòtinite pou tounen ouben rete lakay yo, by affording individuals the opportunity to return to, or remain in their homes, and shelter-in-place. Pwogram STEP lan gen ladan twa eleman diferan: Reparasyon Kontè Elektrik pou Rezidans, Mezi Esansyèl pou Abri ak Reparasyon Eksteryè Tanporè.

Lajan federal sa yo bay la se pati ranbousman k ap kontinye epi yo prevwa pou pidevan eta a pral administre ak peye pou minisipalite ki afekte yo. Minisipalite yo resevwa ranbousman an dapre plizyè kalite pwojè ki gen ladan konstwiksyon ak demolisyon, ranmasaj sab ak debri pyebwa, aktivasyon EOC, deplasman, enspeksyon, ak reparasyon ak restorasyon IT pou ijans epi pwogram Abri ak Enèji Debaz Pwovizwa (STEP). Eta a ap kontinye fè peman ranbousman sa yo lè FEMA afekte fon an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418